



Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON JIJ MARK MONTOUR NAN  
DIVIZYON APÈL ETA NEW YORK, KATRIYÈM DEPATMAN**

***Jij Montour pral premye Jij natif Ameriken k ap sèvi nan Divizyon Apèl Eta New York la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nominasyon Jij Mark Montour li nan Katriyèm Depatman Jidisyè Divizyon Apèl Eta New York la, ki sèvi rejyon Santral ak Lwès New York. Jij Montour, ki se kounye a yon Jij Kou Siprèm Eta New York, pral vin premye jij Natif Ameriken k ap sèvi nenpòt kote nan Divizyon Apèl Eta New York la.

"Jij Mark Montour se yon jiris talantye ki pote yon apwòch reflechi nan sistèm jistis la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen onore pou m nonmen Jij Montour nan Divizyon Apèl, Katriyèm Depatman, epi mwen felisite li paske li te fè listwa kòm premye jij Natif Ameriken k ap sèvi nan wòl sa a."

Yo te nonmen Jij Mark Montour nan Katriyèm Depatman, Divizyon Apèl la. Li te sèvi kòm yon Jij Kou Siprèm Eta New York epi li te eli nan pozisyon an nan ane 2013. Jij Montour te deja Jij Administratif enterimè pou Uityèm Distri Jidisyè a ak Jij Sipèvize pou Tribinal Jistis Vil ak Vilaj yo nan Konte Genesee ak Wyoming. Li se yon manm ki enskri nan St. Regis Mohawk Indian Nation epi yo rekonèt li nan Rejis Kahnawake Kanien'keha:ka. Jij Montour se te premye Natif Ameriken ki te eli nan yon pozisyon jidisyè nan nivo eta nan Eta New York. Li se tou Prezidan Komite Tribinal pou Tribi nan Eta New York, fasilitatè Eta pou Tribinal Federal ak Tribinal Eta nan New York ak nan Fowòm Jistis Nasyon Endyen yo, epi li se yon manm Komite Konsiltatif sou Etik Jidisyè.

Komite Seleksyon Jidisyè (Judicial Screening Committee) pou Katriyèm Depatman an, Divizyon Apèl la te revize aplikasyon yo epi te fè entèvyou ak plizyè douzèn aplikan. Epi se sèlman aplikan sa yo ke yo estime ki "wotman kalifye" pa Komite yo ke yo te soumèt bay Gouvènè a pou konsiderasyon li. Pou yo ka jwenn "wotman kalifye," kandida yo dwe montre entegrite, endepandans, lidèchip, entèlijans, kapasite jiridik, jijman, tanperaman, ak eksperyans.

Daprè Konsititasyon ak Lwa Jidisyè Eta New York, Gouvènè a gen otorite pou li nonmen Jij ki ap prezide nan chak Divizyon Apèl pami sila yo ki te eli kòm jij nan Tribinal Siprèm. Nominasyon sa yo pa bezwen konfimasyon Sena a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418